

JWENN ENFÒMASYON YO.

PIKI BOUSTÈ

Vaksen COVID-19 yo efikas

Vaksen COVID-19 yo efikas anpil. Si w totalman vaksinen, pa genyen anpil chans pou w trape COVID-19 epi simaye li bay moun ou renmen yo. Menm si w enfekte, vaksen an ap anpeche ke w malad grav.



BOUSTÈ YO SAN DANJE

Boustè COVID-19 yo genyen menm engredyan ak vaksen orijinal yo, ki te pwouve yo san danje pou plizyè moun. Efè segondè modere yo nòmal. Efè segondè ki grav yo pi ra.



BOUSTÈ YO AP EDE W RETE PWOTEJE.

Boustè yo se piki w resevwa kèlke mwa apre w fin vaksinen totalman yon fason pou w rete pwoteje kont COVID-19.



Boustè yo komen pou anpil vaksen. Pa egzanp, vaksen tetanòs mande boustè chak 10 an pou granmoun.


Syantifik yo te dekouvri ke kèk pwoteksyon vaksen diminye lè tan pase, epi yon boustè ede w rete pwoteje. Boustè COVID-19 la fonksyone menm jan an.



Kiyès ki ka pran boustè An

Boustè yo bay tout moun plis pwoteksyon, men yo espesyalman enpòtan pou moun ki genyen kondisyon sante, travay, oswa sityasyon lavi ki vle di yo nan pi gwo risk pou trape COVID-19 oswa vin malad grav.

Boustè yo gratis pou tout moun kèlkeswa estati w ak imigrasyon, oswa ke w gen yon asirans sante oswa yon pyès Idantifikasyon.



JWENN PLIS PWOTEKSYON TOUJOU

Meyè fason pou w pwoteje fanmi w, kominote w ak pwòp tèt ou se pou w vaksinen totalman. Boustè yo ofri plis pwoteksyon toujou. Kontinye mete mask, pratike distans sosyal, epi rete lakay ou lè w malad pou w pwoteje tout moun.

Kontakte doktè w, famasyen w, oswa lòt pwofesyonèl sante si w genyen kesyon sou boustè yo.

**PWOTEJE TÈT OU. PWOTEJE KOMINOTE W.
PRAN VAKSEN AN.**